



Sèvis Sante ak Sosyal nan Delaware
Divizyon Sante Piblik

Enstriksyon pou Pasyan Apre Tès Antijèn

Divizyon Sante Piblik Delaware (Delaware Division of Public Health) te pèfòme yon tès sou ou jodi a. Yo itilize “tès rapid” sa a pou detekte si w aktivman enfekte ak viris ki lakoz COVID-19. Tès antijèn ofri avantaj lè yo rapidman idantifye endividi ki kapab enfekte, sa ki pèmèt yon izolman pi rapid pou ede kontwole pwopagasyon viris lan.

Tès ou an te **NEGATIF** – nan moman sa a, yo pa sispèk ou gen COVID-19. Si ou gen sentòm ki sijere COVID-19, ou ta dwe reyalize tès adisyonèl ak yon tès PCR, ki disponib nan lokal tès kominote oubyen atravè medsen swen primè ou an. Ou ta dwe kontinye pratike distans sosyal, mete yon kachnen, epi evite gwo gwoup lè sa posib. Si w devlope sentòm ki sijere COVID-19, ou ta dwe izole tèt ou, kontakte founisè swen sante ou an, epi resevwa tès adisyonèl. Si w pa gen yon founisè swen sante, rele 2-1-1 pou asistans.

Tès ou an te **POZITIF** – sa sijere ou gen yon enfeksyon COVID-19 ki aktif. Ou dwe konsidere tèt ou kòm aktivman enfekte ak COVID-19. Ou ta dwe izole tèt ou pou 10 jou apre tès lan. Ou ta dwe refere pou tès adisyonèl ak yon tès PCR. Si tès PCR la negatif, ou ka met fen ak izolman an. Pataje enfòmasyon tès sa a ak founisè swen sante ou an. Si w pa gen yon founisè swen sante, rele 2-1-1 pou asistans

Pou enfòmasyon adisyonèl sou repons Delaware fas ak pandemi COVID-19 lan, vizite coronavirus.delaware.gov.